*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№59 (26032)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 5 апрель — хуымгæнæны мæйы 5 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КУСÆГ ФЕМБÆЛД
*Боны фæткы – газы фарстатæ*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХОРЗЫ НОМ НÆ СÆФЫ
*Нæртон æмæ куырыхон*

Нымæцтæ æмæ хъуыддæгтæ

## Нысантæм – Парламент æмæ «Иугонд Уæрæсе»-йы æххуысæй

**Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдар Михаил МИШУСТИН 3 апрелы Паддзахадон Думæйы размæ рахаста министрты куысты бæрæггæнæнтæ граждæнты хъæздыгад, сывæллонджын бинонтæн æххуыс, экономикæ æмæ регионты райрæзт, æнæниздзинад хъахъхъæнынады модернизаци æмæ сæ куысты иннæ фæзилæнтæ. Йæ æрвылазон доклады премьер-министр фæбæрæг кодта, Парламентимæ æмгуыстад Хицауадæн кæй феххуыс адæмы размæ социалон химæрайст хæстæ сæххæст кæнынæн, регионтæн баххуыс кæнынæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы мадзæлттæ саразынæн уынаффætæ райсынмæ. Бирæ мадзæлттæ дзы закъоны бындурыл фидаргонд æрцыдысты партi «Иугонд Уæрæсе»-йы æххуысæй.**



«Пенситæ, фиддонтæ, пособитæ индексацигонд æрцыдысты. Инфляцийы рæзтимæ фæбæрзонддæр мызды æппынкъаддæры бæрц. Милуан адæймæгты мызд баст у уыцы бæрæггæнæнимæ. Хицауад иудадзыг йæ цæст дары, бюджетон куысты мызд куыд фыст цæуы, уымæ: скъолатæ æмæ уæлдæр ахуырадон уагдæтты ахуыргæнджытæ, дохтыртæ æмæ иннæ медицинон персонал, культурон æмæ социалон къабаз æмæ наукæйы кусджытæн, – загъта Михаил Мишустин.

Премьер-министр фæбæлвырд кодта куыст дæттыны бæрæггæнæнтæ. «Иугонд Уæрæсе»-йы хъæппæрисæй цæуы куыстдæттæн службæйы реформæ æмæ сын уымæн уæлæмхасæн фæрæзтæ раттыны фарста.

Хицауад дарддæр парахат кæны мадæлдзинад, сабидзинад æмæ æнхъæлцау сылгоймæгтæн æххуысы системæ.

«Фарон сарæзтам иугонд фиддон, æмæ нысангонд æрцыд 11 милуан сабийæ фылдæрæн, стæй 400 мин фидæны мадæлтæн. Ныййарджытæн фидынц æрвылмæйон фиддон, уый дæр, цас уыдис, уымæн йе 'мбисы бæрц фæфылдæр. Максималон æгъдауæй сырæзыд æнхъæлцау сылгоймæгтæ æмæ, чи ныййардта, уыдоны фиддон дæр – 565 мин сомы. Мадæлты капиталы программæ дарддæр кусы», – фехъусын кодта Михаил Мишустин.

Министрты кабинеты хицау ахуырады къабазы бæстон æрлæууыд скъолаты бындурон рацарæзтыл, Рухсады министрадимæ программæ царды уадзы парти «Иугонд Уæрæсе». Йæ фæлгæты ноггонд æрцыдысты 4 мин скъолайы агъуысты. Партийы иннæ хъæппæристæ дæр сæрæнæй æххæстгонд цæуынц. 2024 азы сентябрæй фæстæмæ æрвылмæй уæлæмхасæн фæндзгай минтæ исдзысты скъолатæ æмæ колледжты директорты уынаффæгæнджытæ хъомыладон куысты. Ныртæккæ ахæм уæлæмхасæн фиддонтæ исынц кълæсты разамонджытæ, дывæрæй та – 100 мин адæймагæй гыццылдæр цæрджытæ кæм ис, ахæм горæттæ æмæ хъæуты. Парти уымæн федералон бюджетмæ бахаста фæрæзтæ.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады модернизацийы фыццаг къæпхæны программæйæн æхцайы фæрæзтæ раттыны тыххæй «Иугонд Уæрæсе»-йы хъæппæристæм каст æрцыд, æмæ уый руаджы регионты 3,5 мин объекты бындуронæй рацаразын бантыст.

«Балхæдтам 147 мин иуæджы медицинон ифтонггæрзтæ. Фондз минмæ 'ввахс – тагъд æххуысы машинæтæ, æртæ хатты фылдæр та – дохтыртæ æмæ фелсыртæ ласæн хæдтулгæтæ», – загъта Михаил Мишустин.

Æхсæнадон бынæттæ æмæ бирæуæладзыгон хæдзæртты кæртыты дæр егъау ивддзинæдтæ æрцыд – ног аив хуыз райс-той 65 мин фæзуаты. Ацы аз 30 апрелы онг «Иугонд Уæрæсе» Арæзтады министрадимæ банывыл кæныны объекттыл хъæлæс кæныны кампани дарддæр хæццæ кæны.

Премьер-министр куыд загъта, афтæмæй парти æмæ «Газпром-Межрегионгаз» иумæ кæуыл архайынц, социалон уæлæмхасæн газификацийы уыцы программæйы фæлгæты фарон æндæразæй 40 процентæй фылдæр хæдзæрттæм лæвæрд æрцыд æрвгъуыз артаг. Хъæуты райрæзтæн та, æмткæй райсгæйæ, фарон æрвыст æрцыд 64 миллиард сомы. Уый руаджы дарддæр арæзт цыдысты фæндæггæ, банывыл кодтой æхсæнадон бынæттæ, хъæуты цæрæнуатон уавæртæ фæхуыздæр сты.

Хицæнæй Михаил Мишустин æрлæууыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы мадзæлттыл, бæлвырддæр – операцийы хъуыддæгтæм кæсæг куыс-тыкъордыхъæппæристæм уæлдæр ахуырадон уагдæттæм бацæуыны; бирæсывæллонджын бинонтæн æххуысы мадзæлтты; промышленность æмæ æддагон экономикæйы хъæппæристæм.

Кæронбæттæны премьер-министр бафиппайдта, Хицауад дарддæр дæр кæй араздзæн æппæт мадзæлттæ, цæмæй бæстæйы алы регионы дæр цæрджытæ парахатæй пайда кæной сæ гæнæнтæй. Уый тыххæй фехъусын кодта политикон партии «Иугонд Уæрæсе»-йы пресс-службæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Аудинад

## Тыхстаг фарстатимæ – республикæйы разамонæгмæ

**Уæрæсейы Федерацийы Президентæн Дзæуджыхъæуы цы æхсæнадон исæнуат ис, уым РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН радон фембæлд уыд республикæйы цæрджыты къордимæ. Адæм сæ тыхстаг фарстатимæ бахатыдысты хицауадмæ, æмæ сæ алчидæр бæлвырд дзуапп райста йæ куырдиаты фæдыл.**



Ныхасы архайæг уыдысты Цæгат Ирыстоны сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы Адæмы куырдиæттимæ куысты управленийы хицау **Хæтæгты Мæдинæ**, республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивджытæ, профилон министрадтæ æмæ муниципалон скондты разамонджытæ.

Фембæлдмæ æрбацæуæг адæмæй алкæмæ дæр Сергей Меняйло лæмбынæг байхъуыста, кæм хъуыд, уым лæвæрдта бæлвырдгæнæн фарстытæ куырдиæтты автортæм.

Афтæ, Горæтгæрон районы Ирыхъæуы цæрæг **Уалыты Тамарæ** æххуыс ракуырдта амынд цæрæн бынаты, Фидель Кастройы уынджы фæндагмæ базилыны хъуыддаджы. Бæрнон ведомствæты разамындæн хæсгонд æрцыд фарстайыл бакусын, сылгоймагæн та загъдæуыд, амынд уынджы фæндаг сæрды кæронмæ нывылгонд кæй æрцæудзæн, уый.

Бындурондæр ныхас рауад, Дыгуры районы Дур-Дуры хъæуы цæрæг **Байаты Каринæ** рæгъмæ цы фарста рахаста, ууыл. Сылгоймаджы ныхасмæ гæсгæ, рæстæг домы, цæмæй хъæуы арæзт æрцæуа ног рæвдауæндон. «Ныртæккæйы хъомыладон кусæндон ис кæлæдздзаг уавæры», – радзырдта Каринæ. Дыгуры районы сæргълæууæг **Цагъаты Сослан** куыд бамбарын кодта, афтæмæй фарстайыл ныридæгæн бакуыстæуыд. «Хъæууон цæрæн бынæтты комплексон райрæзты» паддзахадон программæйы фадатæй спайда кæнгæйæ, Дур-Дуры ног рæвдауæндоны (уыдзæн дзы 120 бынаты) кусынæвонг скæной 2025 азы 1 сентябрмæ.

Æрыдоны районы Мичурины хъæуы минæвар **Гуытъиаты Ларисæ** та бахатыд республикæйы разамындмæ, цæмæй каст æрцæуа ацы цæрæн бынаты спортивон фæз саразыны фарстамæ. Ахæм объект æнæмæнг хъæугæ хъуыддагыл банымайгæйæ, Сергей Меняйло профилон ведомствæты бæрнон кусджытæн бацамыдта, цæмæй фарста зæрдæзæгъгæ лыггонд æрцæуа.

Цæрæн бынæтты фæлгонцад æмæ фæндæгты нывыладимæ баст уыд Кировы районы Кæрдзыны хъæуы минæвар **Нæкуысаты Дианæйы** куырдиат дæр. Уый куыд рахабар кодта, афтæмæй амынд цæрæн бынаты, фыццаджы-фыццагдæр, сцалцæг кæнын хъæуы Хъамбер-арæздады проект бахастой 2024-2025 азты пъланмæ. Уыимæ, арæздадон куыстытæ хæстæгдæр рæстæг райдайдзысты. Республикæйы разамонæг профилон ведомствæты минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй ног рæвдауæндон диайы-фырты уынг. Уыцы уынгыл бынæттон цæрджытæ сæ сывæллæтты кæнынц рæвдауæндонмæ, фæлæ фæндаг нывыл кæй нæу, уый аххосæй æвзарынц зындзинæдтæ. Ацы фарста дæр тагъд рæстæг иуварсгонд æрцæудзæн.

Профилон ведомствæты минæвæрттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй августы кæронмæ фæндаг рацараздзысты.

Ахæм фæткы бындурыл æркастæуыд æппæт иннæ куырдиæттæм дæр. Хаст уынаффæты бындурыл Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы хъæууон муниципалитетты ноджыдæр ма арæзт æрцæудзысты ног спортивон æмæ сывæллæтты хъазæн фæзтæ, фæлладуадзæн тæлмытæ æмæ æндæр ахæм социалон объекттæ. Уыимæ, Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, адæмы куырдиæтты фæдыл хаст уынаффæтæ куыд æххæстгонд цæуой, уымæ уыдзæн бæстон цæстдард.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

Бæстон ныхас

## Социалон-экономикон рæзт

**Республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис Дзæуджыхъæуы фембæлд Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг Владимир НАДЫКТОИМÆ. Фæбæрæг кодтой регионы социалон-экономикон рæзты фарстатæ.**





Дзанайы-фырт куыд радзырдта, афтæмæй республикæйы разамынд йæхи сбаста ахадгæ æмæ хъомысджын куыстимæ, национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ царды уадзыны сæ архайд бæрæг дарынц. Паддзахадон программæты фæлгæты ацы аз 15 миллиард сомы дихгонд æрцыдысты социалон ахадындзинадимæ арæзтæдтæн, бындурон цалцæгæн, рацарæзтæн, коммуналон æмæ фæндаггон инфраструктурæйæн, æхсæнадон фæзуæттæм базилынæн.

Уæлдай æргом аздæхтой Беслæны генералон пъланмæ хаст мадзæлттæм, царды сæ Уæрæсейы Президенты уынаффæйы руаджы уадзынц. Ныртæккæ районы поликлиникæ, Фæсивæды галуан æвзарынц рацарæзт, цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады дæр куыст цæуы, æхсæнадон фæзтæ аив кæнынц, горæты фæндæгтæм зилынц.

Хицауады Сæрдар куыд загъта, афтæмæй республикæйы Хицауад стыр æргом здахы Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзтмæ. «Фарон æппæт бæрæггæнтæ дæр уыдысты бæлиццаг, разæй нæм æнхъæлмæ кæсынц ноджы ахадгæдæр нысантæ. Бавналдзыстæм æнæниздзинады, ахуырады, культурæйы, спорты, цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады, фæндаггон инфрастурктурæйы объекттæм», – фæбæрæг кодта министрты разамонæг.

Владимир Надыкто куыд радзырдта, афтæмæй РЦИ-Аланийы федералон инспектор **Сергей Гончаровимæ** бабæрæг кодтой цалдæр арæзтадон фæзы Беслæны æмæ Мæздæджы районы, федтой, куыст куыд цæуы, уый. «Бæрæг у, аразджытæ сæ комкоммæ хæстæ зæрдæйы фæндиаг кæй æххæст кæнынц, уый. Адæймаг ахæм ахастыл бацин кæны, республикæ æвдисы социалон-экономикон рæзты аккаг дæнцæгтæ», – загъта Æххæстбарджын минæвары хæдивæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Транспорты лæггæдтæ

## Электричкæты цыды фæтк фæивта

**2024 азы 1 апрелæй фæстæмæ ивддзинæдтæ хаст æрцыд электричкæтæ «Дзæуджыхъæу – Беслæн» æмæ «Беслæн – Минеральные Воды»-йы цыды фæткмæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты пресс-службæ.

Комитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, техникон æууæлтæ хынцгæйæ, нырæй фæстæмæ-иу 6439-æм электричкæ Дзæуджыхъæуæй абалц кæндзæн 15 сахат æмæ 6 минутыл (ныронг уыд 14 сахат æмæ 42 минутыл), Беслæнмæ та-иу ныххæццæ уыдзæн 15 сахат æмæ 48 минутыл (ныронг – 15 сахат æмæ 24 минутыл).

6407-æм электричкæ та-иу Беслæнæй ныр араст уыдзæн 16 сахат æмæ 2 минутыл (ныронг уыд 15 сахат æмæ 38 минутыл), Минеральные Водымæ та-иу ныххæццæ уыдзæн 19 сахат æмæ 34 минутыл (ныронг та – 19 сахат æмæ 1 минутыл).

**Нæ уацхæссæг**

## Дзырды фарн

*Мæлæт цæсгом*
*не ссыгъдæг кæндзæн*
*худинагæй!*

БЕДЖЫЗАТЫ Чермен

РÆСТДЗИНАД № 59 (26032) 2024 АЗЫ 5 АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙЫ 5 БОН

Кусæг фембæлд

# Боны фæткы – газы фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО кусæг фембæлд скодта «Газпром межрегионгаз»-ы æрдзон фæрæз дих æмæ уæй кæныны фарстатæн бæрнон, генералон директоры хæдивæг Юрий ПАХОМОВСКИМИМÆ. Ныхасы архайдта «Газпром межрегионгаз Владикавказ»-ы генералон директор ХЪОДЗАТЫ Алан.**



Рæгъмæ рахастой фæлхасгæнджытæ фиддонтæ куыд, фидынц, уый, уымæй уæлдай, регионы хъармдæттæн куыстуæтты хæстимæ уавæр. Куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй Цæгат Ирыстоны хъармдæттæн куыстуæттæн сæ хæстæ зынгæ фæкъаддæр сты, ныр хъуамæ ацы сæрдæй æппæт фиддонтæ конд цæуой Хъармдæттыны иумæйаг операторы ууылты. Уымæ хауы республикæйы хæстæ ныллæгдæр кæныны бæрн.

Фембæлды архайджытæ ма æрдзырдтой «Мамысон»-мæ газ бауадзыны фарстайыл. Ныртæккæ кусынц газы хызтыл, уыдоны руаджы æрмæст курорт не суыдзæн æрдзон фæрæзы хицау, фæлæ Алагиры районы хæххон хъæутæ дæр. Камсхо, Калак, Згъил, Лисри, Тиб, Уæллаг Зæрæмæг æмæ Дæллаг Зæрæмæджы цæрджытæм дæр кæддæй-уæдæй газ фæхæццæ уыдзæн.

Ныхасы архайджытæ фæбæрæг кодтой газæн фидыны фæтк фæхуыздæр кæныны, æрдзон фæрæзы рæзтæн регионы фадæттæ саразыны нысантæ. Уыдæтты фæрцы раздæры фæлхасгæнджытæн сæ фадæттæ фæхъомысджындæр уыдзысты, ног фæлхасгæнджыты газмæ баиу кæнынæн дæр уавæртæ фæзындзæн.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Ахадгæ бæрæггæнæн




**Уæрæсейы Хъæды хæдзарады управлени майы сбæрæг кæндзæн, хъæды хæдзарад дарыны бартæ 30 регионы цас зæрдæбынæй æххæст кæнынц, уый. Хабæрттæ хъусын кæны управленийы пресс-службæ.**

Ныхас цæуы Воронежскаг, Ивановскаг, Калугæйаг, Рязайнаг, Тверскаг, Мæскуыйаг, Архангельскаг облæсттæ, Карелийы, Башкортостаны, Татарстаны æмæ иннæ регионтыл. Фылдæр архайд æнхъæлмæ кæсы Красноярскы краймæ, Липецкы, Оренбурджы облæсттæм æмæ Цæгат Ирыстонмæ. Ам фыццаг хатт аргъ кæндзысты хъæды хæдзарад дарынæн.

2023 азы ахæм куыст бакодтой 28 регионы. Уæрæсейы иумæйагæй хъæд бахъахъхъæныны мадзæлттæ рауадысты 67 проценты. Зæгъæм, зынгсирвæстæй хъахъхъæныны мадзæлттæ – 78,5 проценты, хъæд хъахъхъæныны – 75,1 проценты, хъæд сног кæныны – 59,5 проценты. Регионты куысты ахадгæ бæрæггæнæн ахсджиаг у, хицаудзинады бынæттон оргæнтæ хъæд дарыны бартæ куыд æххæст кæнынц, уый базоныны тыххæй.

**Нæ уацхæссæг**

Ахуырад

# Профессион архайды мадзæлттæ

**«Психологон-педагогон къласты архайд цæттæгæнæн практикæ РЦИ-Аланийы ахуырадон уагдæтты» – ахæм ахуырадон мадзал æрæджы бацæттæ кодта Цæгат Ирыстоны ахуырады кусджыты дæсныйад уæлдæргæнæн республикон институт.**

Хуынд æм æрцыдысты, психологон-педагогон кълæстæ кæм ис, æмæ тагъд рæстæджы кæм фæзындзысты, уыцы 53 скъолайы ахуыргæнджытæ æмæ разамонджытæ. Уыдонæй уæлдай ма дзы архайдтой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты æмæ Цæгат Ирыстоны профессионалон колледжы минæвæрттæ.

Мадзалæн йæ нысан уыд, психологон-педагогон кълæстæ кæм кусынц, уыцы республикæйы ахуырадон уагдæтты ахуырадон æмæ методикон фæлтæрддзинад æмæ хуыздæр практикæтæй кæрæдзийæн фæхай кæнын.

Программæйы фæлгæты æргом ныхас цыд, психологон-педагогон кълæстæ профессионалон хиæмбарынадæн ахъаз кæй сты, ууыл. Уый тыххæй раныхас кодта Цæгат Ирыстоны ахуырады кусджыты дæсныйад уæлдæргæнæн республикон институты хистæр методист **Пухаты Ларисæ**.

Цæгат Ирыстоны профессионалон колледжы директор **Анжеликæ Вареница** фæбæрæг кодта, регионы педагогон кадртæ цæттæгæнæн хъуыддаджы психологон-педагогон кълæстæн стыр нысаниуæг кæй ис, уый.



Дарддæр ма ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

Фембæлды дыккаг хайы арæзт æрцыдысты педагогон дизайны арæхстдзинад æвдисæг мадзæлттæ.

**ПУХАТЫ Ларисæ**

Æрæфы районæй

# Æмдзæвгæкæсджыты конкурс

**Рæзгæ фæлтæры æхсæн мадæлон æвзаг парахат кæнынæн Сырх-Дыгуры скъолайы центр «Рæзты тæлм»-ы уыд ахуырдзауты æхсæн иронау æмдзæвгæкæсджыты конкурс.**

Мадæлон æвзаг хъахъхъæныны хъуыддагæн стыр ахадындзинад кæй ис, дзыллон мадзал гом кæнгæйæ, патриотон клуб «Райгуырæн бæстæ»-йы разамонæг **Хъарданты Тимур** уый конкурсантты æмæ ерыстæ фенынмæ æрбацæуæг адæмы зæрдыл æрлæууын кодта.



**Сечъынаты Хетæг, Гобеты Анитæ, Гацолаты Валери, Хæмыцаты Дзерассæ, Хуадонты Валерия, Текъиты Камиллæ, Булацаты Сабинæ, Сабеты Виктория, Зæгæлты Давид, Чихтисты Георги, Годзойты Ирлан æмæ Орнеллæ, Цъопбойты Хетæг, Ортабайты Авран** æмæ **Валерия**, стæй **Соскъиты Сæрмæт** æмæ **Георги** æмдзæвгætæ иттæг дæсны уагæй бакастысты. Æмдзæвгæкæсджыты конкурс цы бон цыд, уыцы бон **Гуссауты Валерия, Гобеты Данæ, Хъæрджынты Аннæ** æмæ **Салæгаты Ланæ** Цыколайы Культурæйы хæдзары скъоладзауты театралон равдыстыты конкурсы кæй архайдтой, уый нымайгæйæ, фæстагмæ æмдзæвгæкæсджыты конкурсы архайдтой видеофысты фæрцы. Амæй размæ патриотон клуб «Райгуырæн бæстæ» кæй саразта, æмдзæвгæкæсджыты конкурсы архайджытæй цалдæр скъоладзауы архайдтой ахæм дзыллон мадзæлтты æмæ дзы раззаг бынæттæ бацахстой.

Æппæт конкурсантты схорзæхджын кодтой клуб «Райгуырæн бæстæ»-йы дипломтæй, ерыстæм конкурсантты биноныг бацæттæгæнæг райдайæн къласты ахуыргæнæг **Хохты Жаннæйæн** та саккаг кодтой арфæйы фыстæг.

**ХАДАТЫ Кристинæ**

Бинонты аз

# Фæзминаг кæстæртæ

**«Ирон лæджы хæдзарæн йæ бындур дурæй фидар нæу, фæлæ æгъдауæй. Йæ къæсæртæ хъуамæ æгъдау æмæ рæстдзинадыл лæууой, уæд æнусон уыдзысты æмæ сыл цин дæр фидаудзæн, хъыгæн дæр фæраздзысты», – дзырдтой нæ куырыхон фыдæлтæ. Æмæ, æвæдза, куыд арфхъуыдыджын ныхæстæ сты! Ирон хæдзары бинонтæ рагæйæрæгмæ сæйрагдæрыл нымадтой æфсарм, æгъдау. Æмæ уыцы фæтк цæстыгагуыйау чи хъахъхъæны, ахæм бинонтæ дзæвгар ис Ирыстоны, Куырттаты комы дæр. Фæлæ мæн абон бæлвырддæр зæгъын фæнды ТАУЧЕЛАТЫ Саукуыдзы æнгом, фæрнæйдзаг бинонты тыххæй.**

Саукуыдз æмæ йæ цардæмбал Розæ сæ иумæйаг царды ахсджиагдæрыл нымайынц ирондзинад, ирон æгъдау. Фыдæлты фарн, ирон уæздандзинад Таучелаты хæдзарвæндаджы лæвæрд цæуынц фыдæй фыртмæ. Ахæм цардыуаджы фидар фæтк цы бинонты 'хсæн æвæрд ис, уыдонæн сæ фидæн кæддæриддæр вæййы бæллиццаг, бæркадджын. Уымæн дæнцæг – Уæллаг Фыййагдоны цæрæг Таучелаты бинонтæ.

2024
БИНОНТЫ АЗ

Таучелаты Саукуыдз хæрз æвзонгæй баззад фыдæй сидзæрæй. Йæ фыды æнæнхъæлæджы ацыд йе 'нусæн бæстæмæ йын йæ хъæлдзæгдзинады цæхæр бамынæг кодта. Уыцы æвзонгæй дæр йæ къухтæ не 'руагъта. Хæдзары уæз æрæнцад фынддæсаздзыд лæппуйы уæхсчытыл. Никуы саккаг кодта йæхицæн бонасадæнтæ кæнын, йе 'мгæрттимæ йæ зæрдæйы фаг атезгъо кæнын. Æмбаргæ, куыстуарзаг лæппу йæ дыстæ арф батылдта æмæ æрлæууыд фæллойы фæндагыл. Дзæнæтыбадинаг Зифи райгонд уыд йæ иунæг хъæбулæй.

Фыдæлты æгъдау куыд домы, афтæ Саукуыдз бинонты хъуыддаг дæр бакодта афоныл. Йæ цард баиу кодта йæхи хуызæн уæздан, хæдæфсарм Сырх-Дыгуры цæрæг Габеты Аврам æмæ Фузæйы чызг Розæимæ. Розæ канд бакастæй аив нæу, рæсугъд у удыхъæдæй дæр. Сылгоймаджы ахсджиагдæр миниуджытæй – хайджын. Розæ йæ уды хъарм æмæ йæ сыгъдæг зæрдæйы цæхæрæй бататва æмæ срухс кодта Таучелаты чысыл бинонты цард. Йе 'фсины бауарзта хи хъæбулау, йæ уарзт æвдыста зæрдиаг узæлдæй. Мад æмæ чызджы уарзт кодтой кæрæдзийы. Се 'хсæн зул дзыхы ныхас дæр никуы рауад. Æрхъæцмæ нæ хъæцыдысты кæрæдзийыл. Йе 'фсин цы хуыздæр хæринаг ахæра æмæ рæсугъддæр дарæс адара, куыд хуыздæр баулæфа, ууыл архайдта æдзухæй. Розæ йæ аудынадæй, йæ фæлмæн рæвдыдæй Зифийæн ферох кæнын кодта йæ раздæры зындзинæдтæ.

Ирон хæдзары хицау нæлгоймагæн йæ кады фæндæгтæ аивгæнæг кæддæриддæр сылгоймаг у. Æмæ Розæ уымæ дæр хорз арæхст æмæ арæхсы. Фыццаг бонæй абоны онг нæ фæллайы лæггад кæнынæй Таучелаты мыггагæн, хиуæттæн, хæстæджытæн, сыхбæстæн, комбæсты адæмæн. Мæнгæн нæ фæзæгъынц: «Сылгоймаг рæсугъд зæрдæйы хицау куы вæййы, уæд цард дæр йæ алыварс дидинæгдон свæййы». Таучелаты бинонтæм абон кæд рухс фидæн йæ мидбылты худы, зæрин хур сæ йæ зæлдаг тынтæй рæвдауы, уæд æрмæст сæ сыгъдæг удвæллойы руаджы.

Дыууæ цардæмбалыл æрцыд кувæджы куывд. Мады-Майрæм сыл баузæлд, барæвдыдта сæ æртæ хъæбулæй – æртæ фыртæй. Бæллиццаг уый у, æмæ æртæ лæппуйы дæр сты сæ ныййарджытау æфсармджын, æгъдауджын, æмгарджын. Райгуырæн бæстæйыл, ирондзинад æмæ мадæлон æвзагыл – иузæрдион, ахуырмæ тырнындзинад, хистæрæн кад кæнын, кæстæрæн зонд амонын сты Таучелаты Саукуыдз æмæ Розæйы æртæ фырты цардыуаджы ахсджиагдæр миниуджытæ.

Хъомылгæнæг фыд æмæ мадæн се стырдæр исбон сты арфæйаг хъæбултæ. Саукуыдз æмæ Розæйы Хуыцау фæхайджын кодта ахæм мулкæй. Сæ кæстæртæ æртæйæ дæр сты фæзминаг. Æртæйæ дæр райсой уæлдæр ахуырад. Хистæр Чермен у æнæниздзинады зиуuон. Ныртæккæ кусы «Роспотребнадзор»-ы – эпидемиологон уавæрмæ цæстдарæг. Астæуккаг Таймураз Фыййагдоны астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд ФÆС-йы Голицыны арæнхъахъхъæнæн институтмæ æмæ йæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци.

Йæ дæсныйады фыццаг къахдзæфтæ акодта Дард Скæсæны. Фæлæ та нæ бæстæйыл лæгæвзарæн рæстæг куы скодта, уæд Таймураз дæр, æнæ уæлдай рахъуыды-бахъуыдыйæ, раззагдæртимæ æрлæууыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты æмрæнхъ.

Хæсты быдыры дæсны разамынд лæвæрдта, йæ бæрны чи уыд, уыцы хæстонтæн. Хъазуатонæй тох кодта неонацизмы ныхмæ. Фæлæ хæст хæст у. Хъыгагæн, иу ахæм быцæуты рæстæг знаджы нæмыг нæ бацауæрста Таучелаты сахъгуырдыл. Фæци уæззау цæф. Бирæ рæстæг æй фæдзæбæх кодтой æфсæддон госпитæлы. Куы фæдзæбæх ис, уæд дæр йæхи бæргæ ивæзта тохы быдырмæ, фæлæ йæ æфсæддон хайады разамынд нал ауагътой. Уый хыгъд æууæнкджын лæппуйы арвыстой ахуыр кæнынмæ Мæскуыйы уæлдæр æфсæддон академимæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, Таймураз йæ хъæбатырдзинады тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд хæрзиуджытæй дæр. Фæлæ æппæтæй стырдæр хæрзиуæгыл Таучелы-фырт нымайы хицауад, йæ бирæ æмбæлттæ йыл кæй æууæндынц. Кæуылты хæрзиуæг у уый ирон лæгæн!..

Адæймагæн, дам, йæ амонд йæ ныхыл фыст вæййы. Зæххон адæймагæн Хуыцау у уынаффæгæнæг. Афтæ рауад, æмæ Таучелаты бинонты кæстæр Ацæмæз хъысмæты фæндонмæ гæсгæ цалдæр азы размæ сæмбæлд йæ амондыл. Таучелатæ бахæстæг кодтой Гайты мыггагимæ. Æмбаргæ Саукуыдз æмæ Розæ бацархайдтой ууыл, цæмæй дыууæ кæстæры зæрдæты цы сыгъдæг уарзондзинад сæвзæрд, уый ма æрмынæг уа. Арфæгæнджытæ цыдæриддæр зæрдиагæй загътой дыууæ æрыгон къайы амондæн, уыдон Хуыцаумæ фехъуыстысты.

– Надя махæн нæ чындз нæ, фæлæ нæ чызг у, – фæзæгъынц Саукуыдз æмæ Розæ. – Тынг разы дзы стæм фыццаг бонæй фæстæмæ. Уæдæ сæ Мады-Майрæм дæр хъæбулы хъæбулæй барæвдыдта. Чысыл Марат у сæ хуры тын, сæ цæсты рухс – æппæт бинонтæн сæ цин. Гъемæ сæ фæндиаг амондимæ байрæзæд!

Ацæмæз ЦИПУ-йы экономикон факультет æнтыстджынæй каст фæуыны фæстæ, æрлæууыд фæллойы фæндагыл, кодта фыццаг къахдзæфтæ йæ равзæрст дæсныйады фæндагыл. Фæлæ нæ бæстæйы сабырдзинад бахъахъхъæнын куы бахъуыд, фыццаг æрсидты рæстæг æм Алагиры районы æфсæддон хайад куы фæсидт, уæд уый дæр, йе 'фсымæр Таймуразау, йæхи нæ бафæсвæд кодта, нæ равдыста тæппуддзинад, ныфсджынæй архайын райдыдта сæрмагонд æфсæддон операцийы. Арæхстджынæй æххæст кодта æмæ кæны йе 'фсæддон хæстæ. Фæлæ цалдæр мæйы размæ хæсты цæхæры знаджы нæмыг сæмбæлд цæхæрцæст Ацæмæзыл. Хуыцауæн табу – фæци рог цæфтæ. Йæ цæфтæ куы байгас сты, уæд та ногæй атындзыдта тохы быдырмæ. Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, æмæ рæхджы нæ сæрæн лæппутæ уæлахизимæ, сæрæгасæй сæ фæрныг къонатыл куыд сæмбæлой!

Саукуыдз йæхæдæг дæр æмæ йе 'ртæ фырты дæр сты мæ раздæры ахуырдзаутæ. Æмæ сæ æз дæн сæрыстыр. Фылдæр нæм уæд ахæм кæстæртæ, ахæм адæмуарзон, фæрнæйдзаг бинонтæ!

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

Барад

# Æвзæр миниуджытæй сæ бахизынæн

**Акци «Сообщи, где торгуют смертью» æххæст кæнгæйæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты инспектор, пъæлицæйы кæстæр лейтенант Артур Жигунов æмæ Æхсæнадон советы сæрдар Бутаты Руслан фадæттæ саразтой районы центрон рынчындоны поликлиникæйы терапевтон хайады разамонæг Дзæгъиаты Зæринæйы фембæлдæн Рæмоны-фырты поселочы скъолайы ахуырдзаутимæ.**



Æнахъомты æхсæн наркомани, карз нозт æмæ тамако дымыны миниуæг рагæй нымад сты егъау лыггæнинаг фарстайыл, æмæ сывæллæттæ æнæниздзинадæн знаггадхæссæг миниуджытыл цæмæй ма ахуыр кæной, хистæрты хæс у, уый сын бацамонын.

Царды æнæниз уагæн стыр ахадындзинад кæй ис, стæй карз нозтæй, тамако дымыны æмæ наркотиктæй пайда кæныны миниуджытæй хи хъахъхъæнын кæй æмбæлы, фембæлды рæстæг медицинон кусæг уыдæтты тыххæй хабæрттæ скъоладзаутæн радзырдта.

Наркотикон фæрæзтæ æмæ психотропон буаргъæдты æнæзакъон зилдухы къабазы арæзт фыдракæндтæ æмæ барадхæлдтыты тыххæй адæймагæй уголовон æмæ административон бæрнондзинад кæй бадомынц, ныхас кæнгæйæ, пъæлицæйы кусæг уыдæттæ ахуырдзаутæн бамбарын кодта.

Фæсивæд хи æнæниздзинады уавæрмæ стыр æргом цæмæй здахой æмæ знаггадхæссæг миниуджытыл цæмæй ма ахуыр кæной, ахæм фембæлдтытæ уымæн ахъаз кæнынц. Фембæлды кæрон скъолайы уазджытæ ахуырдзаутæн бафæдзæхстой æвзæр миниуджытыл ма ахуыр кæнын æмæ адæмимæ хæларæй цæрын.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Мидхъуыддæгты министрады**
**Алагиры районы**
**хайады инспектор**

# Программа телепередач с 8 по 14 апреля



## 8 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Такси под прикрытием" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Алла-такси" 12+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 12+
03.50 Т/с "Морозова" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» - канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.55 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00, 00.00 Т/с "Горячая точка" 16+
00.55 Т/с "Подсудимый" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.20, 07.20, 04.00, 04.50 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
08.25, 09.30, 10.00, 11.00, 12.00 Т/с "Чужой район-3" 16+
08.55 Знание-сила 0+
13.30, 14.25, 15.15, 16.05 Т/с "Наш спецназ" 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 00.30, 01.15, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.10 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.45 Х/ф "Любочка" 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.15 ХХ Век. "Марис Лиепа. Встречи по вашей просьбе" 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00 Д/ф "Александр Менакер. Рыцарь синего стекла" 16+
13.45 Х/ф "Где вы, рыцари?" 16+
14.55 Линия жизни 16+
15.55 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.15 Российские музыкальные фестивали. Зимний международный фестиваль искусств в Сочи. 2022 г. Музыкально-драматический спектакль "Ибсен. Recycle" 16+
18.30 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Больше, чем любовь 16+
21.30 Сати. Нескучная классика... 16+
22.15 Х/ф "Мелочи жизни" 12+
23.30 Д/ф "Всюду деньги, господа!" 16+
00.15, 00.35, 00.55 Т/с "Порус" 16+
02.30 Д/ф "Иран. Кашан. Дом Боруджерди" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Игра миллионов 12+
06.30 Всæ о главном 12+
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 19.15, 21.30, 23.45 Все на Матч! 12+
10.05 Лица страны. Светлана Ишмуратова 12+
10.25 Смешанные единоборства. UFC. Брендан Аллен против Криса Кæртиса. Трансляция из США 16+
11.35, 00.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Футбол. Журнал Лиги чемпионов 6+
15.30 Громко 12+
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/2 финала. "Трактор" (Челябинск)-"Локомотив" (Ярославль). Прямая трансляция
19.25 Футбол. МЕЛБЕТ-Первая Лига. "Химки" (Московская область)-"Арсенал" (Тула). Прямая трансляция
21.40 Футбол. Чемпионат Италии. "Удинезе"-"Интер". Прямая трансляция
01.25 Гандбол. Кубок России. Финал 4-х. Женщины. Финал. Трансляция из Ростова-на-Дону 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Д/ф "Лошадиная сила" 12+
04.05 Волейбол на снегу. Чемпионат России. Финал. Трансляция из Нового Уренгоя 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10, 04.55 Д/с "Большое кино" 16+
08.45 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
10.40, 00.30 Петровка, 38 16+
10.50 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Синичка-3" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.45 Город новостей 16+
15.00, 03.25 Х/ф "Сельский детектив. Ловушка для мертвеца" 12+
16.55 Д/ф "Звездные фантазеры" 16+
18.10 Х/ф "Орлинская. Стрелы Нептуна" 12+
20.00 Х/ф "Орлинская. Тайна Венеры" 12+
22.35 Специальный репортаж 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.45 Д/ф "Русские тайны. Пропавшие сокровища" 16+
01.25 Д/ф "Война со звездным папой" 16+
02.05 Д/ф "Чапаев. Без анекдота" 16+
02.45 Д/ф "Гражданская война. Забытые сражения" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 03.10 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.50 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.55, 00.55 Д/с "Порча" 16+
13.00, 01.50 Д/с "Знахарка" 16+
13.35, 02.15 Д/с "Верну любимого" 16+
14.10, 02.45 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.45 Д/с "Преступления страсти" 16+
19.00 Т/с "Пока никто не знает" 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Во имя короля" 16+
22.25 Смотреть всем! 16+
23.30 Документальный спецпроект 16+
00.30 Х/ф "Король воров" 18+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Машкины страшилки" 0+
06.40 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00 Шоу уральские пельмени 16+
10.20, 19.30, 19.55, 20.25, 20.55, 21.30 Т/с "Тетя Марта" 16+
22.00 Х/ф "Уикенд с батей" 16+
23.45 Х/ф "Дедушка лæгкого поведения" 18+
01.45 Х/ф "Скорость. Автобус 657" 18+
03.10 Т/с "Кухня" 16+
04.50 6 кадров 16+
05.10 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00 Сокровища императора 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00 Т/с "Физрук" 16+
15.30 Х/ф "Сумасшедшая езда" 18+
17.30 Х/ф "Боги Египта" 16+
20.00, 20.30 Т/с "Киберпапа" 16+
21.00 Т/с "Красный-5" 16+
21.50 Женский стендап 16+
22.55 Это нормально? 18+
23.55 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
00.25 Такое кино! 16+
00.55 Новая фабрика звезд 16+
02.25 Я тебе не верю 16+
03.10, 04.00 Импровизация. Команды 16+
04.45, 05.35 Шоу Студия "Союз" 16+
06.20 Импровизация 16+

## 9 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Такси под прикрытием" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Алла-такси" 12+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.50 Т/с "Морозова" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 - Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00, 00.00 Т/с "Горячая точка" 16+
00.55 Т/с "Подсудимый" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.25, 06.05, 06.55, 04.00 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
08.00, 09.30, 10.05, 11.05, 12.05 Т/с "Чужой район-3" 16+
08.20 Страна советов 16+
08.55 Знание-сила 0+
09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с "Наш спецназ" 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 00.30, 01.20, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30 Д/ф "Коломенское. Остров времени" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50 Х/ф "Мелочи жизни" 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.15 Д/ф "Мастера советского спорта. Лариса Латынина" 16+
11.45 Подземные дворцы для вождя и синицы 16+
12.45 Новости. Подробно. Книги 16+
13.00 Больше, чем любовь 16+
13.45 Д/ф "Забытое ремесло". "Бурлак" 16+
14.00, 14.20, 14.40, 00.15, 00.35, 00.55 Т/с "Порус" 16+
15.05 Игра в бисер 16+
15.45 Д/ф "Космическая одиссея. XXI век" 16+
16.15 Сати. Нескучная классика... 16+
17.15 Эрмитаж 16+
17.45 Российские музыкальные фестивали. Международный фестиваль "Виртуозы гитары" 16+
18.30 Д/ф "Семь главных пирамид Древнего Египта" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
22.15 Х/ф "Карусель" 16+
23.30 Д/ф "Всюду деньги, господа!" 16+
01.50 Российские музыкальные фестивали. Зимний международный фестиваль искусств в Сочи. 2022 г. Музыкально-драматический спектакль "Ибсен. Recycle" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Игра миллионов 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.00, 12.55, 15.25, 20.45 Новости
07.05, 15.30, 20.50, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Профессиональный бокс. Александр Поветкин против Мариуша Ваха. Трансляция из Казани 16+
11.35 ЕвроФутбол. Обзор 6+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Что за спорт? 12+
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/2 финала. "Автомобилист" (Екатеринбург)-"Металлург" (Магнитогорск). Прямая трансляция
19.15 Футбол. Лига чемпионов. 1/8 финала. Обзор 6+
21.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/4 финала. "Реал" (Мадрид, Испания)-"Манчестер Сити" (Англия). Прямая трансляция
00.55 Футбол. Лига чемпионов. 1/4 финала. "Арсенал" (Англия)-"Бавария" (Германия) 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Д/ф "Лошадиная сила" 12+
04.05 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. 1/2 финала 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
10.40, 02.05 Д/ф "Актерские драмы. Без любви виноватые" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Синичка-3" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.25 Х/ф "Сельский детектив. Ограбление по-ольховски" 12+
16.55 Д/ф "Погасшие звезды эфира" 16+
18.10 Х/ф "Орлинская. Козни Амура" 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф "Андрей Харитонов. Первая рюмка" 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф "90-е. Бомба для афганцев" 16+
01.25 Д/ф "90-е. Гудбай, Америка!" 16+
02.45 Д/ф "Гражданская война. Забытые сражения" 12+
04.55 Тайна песни 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.45 По делам несовершеннолетних 16+
07.30 Давай разведемся! 16+
08.30, 03.35 Тест на отцовство 16+
10.40, 00.20 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 01.20 Д/с "Порча" 16+
12.55, 02.15 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 02.40 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 03.10 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Д/с "Преступления страсти" 16+
19.00 Т/с "Пока никто не знает" 16+
05.15 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 03.00 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.45 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Идеальный побег" 16+
21.55 Смотреть всем! 16+
23.30 Знаете ли вы, что? 16+
00.30 Х/ф "Капитан Алатристе" 18+

### СТС
06.00 Ералаш 16+
06.30 М/ф "Машкины страшилки" 0+
06.40 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 16.50, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00 Т/с "Тетя Марта" 16+
10.40 Уральские пельмени. Смехbook 16+
11.15 Х/ф "Пес под прикрытием" 6+
13.00 Х/ф "Мара и бог огня" 12+
14.55 М/ф "Кролецып и хомяк тьмы" 6+
21.30 Х/ф "Зачинщики" 16+
23.25 Х/ф "Агент под прикрытием" 12+
01.20 Х/ф "Время ведьм" 16+
02.50 Т/с "Кухня" 12+
04.50 6 кадров 16+
05.10 Мультфильмы 16+
05.50 Ералаш 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30 Х/ф "СашаТаня" 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30 Т/с "Физрук" 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Киберпапа" 16+
21.00 Т/с "Красный-5" 16+
22.00 Женский стендап 16+
23.00 Это нормально? 18+
00.00 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
00.30 Х/ф "Криминальная фишка от Генри" 16+
02.35 Я тебе не верю 16+
03.20, 04.10 Импровизация. Команды 16+
05.00, 05.50 Шоу Студия "Союз" 16+
06.35 Импровизация 16+

## 10 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 "Ураза-Байрам". Трансляция из Уфимской соборной мечети 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Такси под прикрытием" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Шоу Вована и Лексуса 16+
00.40, 01.25, 02.10, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00 Праздник Ураза-Байрам. Прямая трансляция из Московской Соборной мечети
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.30, 21.05 Вести. Местное время
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Алла-такси" 12+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.50 Т/с "Морозова" 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» - канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» - канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00, 00.00 Т/с "Горячая точка" 16+
01.50 Т/с "Подсудимый" 16+
04.20 Т/с "Агентство скрытых камер" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.35, 06.30, 07.25, 04.00, 04.45 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
08.30, 09.30, 10.05, 11.05, 12.00 Т/с "Чужой район-3" 16+
08.55 Знание-сила 0+
09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
13.30, 14.25, 15.15, 16.05 Т/с "Наш спецназ" 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 22.20, 23.10, 00.30, 01.15, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30 Д/ф "Семь главных пирамид Древнего Египта" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50 Х/ф "Карусель" 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.15 ХХ Век. "Творческий вечер Юрия Силантьева" 16+
12.45 Новости. Подробно. Кино 16+
13.00 Больше, чем любовь 16+
13.40 Д/ф "Забытое ремесло". "Ловчий" 16+
14.00, 14.20, 14.40, 00.15, 00.35, 00.55 Т/с "Порус" 16+
15.05 Искусственный отбор 16+
15.45 Д/ф "Космическая одиссея. XXI век" 16+
16.10 Белая студия 16+
17.15 Библейский сюжет 16+
17.45 Российские музыкальные фестивали. Международный фестиваль "Декабрьские вечера" 16+
18.35 Д/ф "Фонтенбло-настоящая обитель королей" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Абсолютный слух 16+
21.30 Власть факта. "Япония между мировыми войнами" 16+
22.15 Х/ф "Прощальные гастроли" 12+
23.30 Д/ф "Всюду деньги, господа!" 16+
02.30 Д/ф "Плавск. Дворец для любимой" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Игра миллионов 12+
06.30 Что за спорт? 12+
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 21.15, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Профессиональный бокс. Николай Валуев против Клиффорда Этьена. Трансляция из Германии 16+
10.45 Профессиональный бокс. Леннокс Льюис против Хасима Рахмана. Трансляция из ЮАР 16+
11.35 Футбол. Лига чемпионов. Обзор 6+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Вид сверху 12+
16.45 Боулинг. BetBoom Кубок КЛБ. Про-тур. Прямая трансляция из Ижевска
18.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. 1/2 финала. "Локомотив" (Ярославль)-"Трактор" (Челябинск). Прямая трансляция
21.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/4 финала. ПСЖ -"Барселона" (Испания). Прямая трансляция
00.55 Футбол. Лига чемпионов. 1/4 финала. "Атлетико" (Испания)-"Боруссия" (Дортмунд, Германия) 6+
02.55 Новости 0+
03.00 Д/ф "Лошадиная сила" 12+
04.05 Баскетбол. Единая лига ВТБ. "Локомотив-Кубань" (Краснодар)-"Зенит" (Санкт-Петербург) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Т/с "Провинциальный детектив" 12+
10.40, 02.05 Д/ф "Актерские драмы. Вечно вторые" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Синичка-4" 16+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.45 Город новостей 16+
15.00, 03.30 Х/ф "Сельский детектив. Убийство на Ивана Купалу" 12+
16.55 Д/ф "Шоу "Измена" 16+
18.10 Х/ф "Орлинская. Молния Зевса" 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Д/ф "90-е. Гудбай, Америка!" 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф "Дорогие товарищи. Невозвращенцы" 16+
01.25 Знак качества 16+
02.50 Д/ф "Гражданская война. Забытые сражения" 12+
04.55 Тайна песни 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.35, 04.25 Давай разведемся! 16+
08.35, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.15 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.55, 00.25 Д/с "Порча" 16+
13.00, 01.25 Д/с "Знахарка" 16+
13.35, 01.55 Д/с "Верну любимого" 16+
14.10, 02.20 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.45 Д/с "Преступления страсти" 16+
19.00 Х/ф "Бородатый нянь" 16+
05.15 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.35 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00, 15.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00, 23.30 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
17.00, 03.20 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Гренландия" 16+
22.20 Смотреть всем! 16+
00.30 Х/ф "Крио" 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Машкины страшилки" 0+
06.40 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 16.50, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00 Т/с "Тетя Марта" 16+
10.05 Уральские пельмени. Смехbook 16+
10.35 М/ф "Невероятный блинки Билл" 6+
12.25 М/ф "Красавица и дракон" 12+
14.55 Х/ф "Медальон" 16+
21.30 Х/ф "Моя девушка-монстр" 16+
23.50 Х/ф "Мегалодон" 18+
01.45 Х/ф "Корабль в Пусан" 18+
03.35 Т/с "Кухня" 12+
04.50 6 кадров 16+
05.10 Мультфильмы 16+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00 Х/ф "СашаТаня" 16+
12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30 Т/с "Физрук" 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Киберпапа" 16+
21.00 Т/с "Красный-5" 16+
22.00 Женский стендап 16+
23.00 Это нормально? 18+
00.00 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
00.30 Х/ф "Гагарин. Первый в космосе" 6+
02.40 Я тебе не верю 16+
03.25, 04.15 Импровизация. Команды 16+
05.05, 05.50 Шоу Студия "Союз" 16+
06.40 Импровизация 16+

## 11 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
